Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 39 (6875) 9 октябрь 2023 с. Итни РабигIул аввал 1444 с. Багьа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «Налогал – пачалихъ цебетIеялъул аслу»

### «Дир Дагъистан – дир нухал», «БакIалъулаб байбихьи»...

**Бакълъулазул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда «Дир Дагъистан – дир нухал», «БакIалъулаб байбихьи» проектал нухдаинариялъул, налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул, «Управление» ГАСалда хъвайхъвагIай гьабиялъул суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**



Гьединго тадбиралда халгьабуна росдал магIишат, сахлъи цIуни, лъайкьей цебетIеялъул суалазулги. Бакълъулазул нухмалъулес баян гьабуна гIужда налогал ракIариялъ больницаби, лъималазул ахал, школал ва цогидал жамгIияталъе чара гьечIого хIажатал бакIал къачIаялъе, цIиял раялъе квербакъулеблъи.

«Налогал – пачалихъ цебетIеялъул аслу. Щивасда тIадаб буго жиндир заманалда киналго тайпабазул налогал кьезе. Нилъее, мугIрузулаб ракьалда гIумру гьабулезе, цIакъго хIажатаб иш буго налогал гIужда кьей.



Нухал, къватIал, садикал, цIалул идараби ва гьел гурел цогидалги бакIал къачIазе районалъул бюджеталде тIадруссуна нилъеца кьурал налогазул цо тайпа. Росабалъ гIумру гьабизе бокьаразул къадар цIикIикIуна, гIолилазул, харабазул гIумрудул шартIал лъикIлъула», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Тадбиралда гьединго бицана Запорожиялъул, Михайловкаялъул районазе, спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул, пучдул ракиялъул заманалде хIадурлъиялъул.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Новороссиялъе кумек гьаби, РФялъул Минобороniялъулгун контракт хъвай, армиялде ахIи...

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул бетIерлъиялда хасалихъе армиялде бакълъулал ахIиялъул, Новороссиялъе кумек гьабиялъул, Россиялъул Минобороniялъулгун контракт хъван, рагъулаб хъулухъ борхиялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб дандеруссин тIобитIана.**



Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадовас, администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас, районалъул имам ГIабдула Ибрагьимхановас, бегавулзабаз ва цогидаз.



«Ихдал армиялде гIолилал ахIиялъул кампаниялда бакълъулаз лъикIал хIасилал рихьизаруна. Хасалихъе армиялде иналъул хIалтIиги лъикI гIуцIизе хIаракат бахъизе ккола.

Россиялъул Минобороniялъулгун контракт хъвазеги рес буго бакълъулазе, гьеб хъваразе финансовияб рахъалъ гуребги, социалияб рахъалъги кумек гьабула пачалихъалъ, чIезарун руго батIи-батIиял льготал.

Спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул ишги лъикI унеб буго районалда. Нахъеги бажарараб гьабизеги буго», - ян абуна ГIалихан ДавудхIажиевас.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалипов: «Балтикаялдаса Камчаткаялде щвезегIан рагъулаб хъулухъ борхулел руго бакълъулазул гIолохъаби»

- 2 гьум.



ПатIимат ГIабдураупова: «Вакцинациялъ инсаният захIматал унтабаздаса хвасар гьаруна»

- 2 гьум.



Гражданияб оборонаялъул къо кIодо гьабуна

- 2- гьум.



ЦIаналъа АсхIаб МухIамадгIалиевасе – Жуковасул медаль

- 3- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъалип Гъалипов: «Балтикаялдаса Камчаткаялде щвезегIан рагъулаб хъулухъ борхулел руго бакълъулазул гIолохъаби»

### Хаслихълъиялъул рагъулаб хъулухъ борхиялъул кампания байбихьана

**Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас хасалихъе армиялде гIолилал ахIиялда хурхун хитIаб гьабуна. «ХIурматиял бакълъулал, ракьцоял! Россиялъул Президент, улкаялъул аскаразул бетIерав нухмалъулев Владимир Владимирович Путиница 2023-абилеб соналъул 29-абилеб сентябралда октябрь-декабрь моцIазда армиялде гIолилал ахIиялъул амруялда гъулбас гьабуна.**



Бакълъул район буго ихдал призывалъул хIалтIи бищун лъикI гIуцарал муниципалитетазда гьоркьоб. Гьеб хIалтIухъ Бакълъул районалъе Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас баркалаги кьуна. Хасалихъе гьеб иш тIобитIиялъул ишги кьиматаб даражаялда гIуцIизе буго.

Гьари буго росабазул бутIрузде, ВУСалъул, Централияб больницаялъул хIалтIухъабазде ва цогидазде 2023-абилеб соналъул хасалихълъиялъул призывалъул кампания кьиматаб даражаялда гIуцIиялде кIвар кьеян.

Армиялде хъулухъ гьабизе ин – бихьинчиясда тIадаб иш. ВатIан цIуни – щивасул налъи. Бакълъулаз кидаго бихьизабула гIагараб ракь цIунизе, церелъурал рагъулал масъалаби кьиматалда тIуразе бугеб гьира.

Балтикаялдаса Камчаткаялде щвезегIан рагъулаб хъулухъ гьабулел руго бакълъулазул гIолохъаби. Гьарула киназего бигьаяб хъулухъ», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ПатIимат ГIабдураупова: «Вакцинациялъ инсаният захIматал унтабаздаса хвасар гьаруна»

### Гриппалде данде рагъ

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, ЦРБялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдурауповалъ ва цогидал районалъул хIаракатчагIаз гриппалде данде прививка гьабуна.**



Централияб больницаялъул нухмалъулей ПатIимат ГIабдурауповалъул рагIабазда рекъон, гриппалде данде иммунитет чIезабизе бакълъулазе гьабулеб буго «Ультрикс Квадри», «Совигрипп» вакцинаби.

«ХIурматиял бакълъулал! Гриппалдаса нужго ва лъимал цIунизе хIаракат бахъе. Гьеб унтуда данде вакцинация гьаби – бищун лъикIаб кумек. Прививкаби гьаризе хIинкъулел руго, амма вакцинациялъ инсаният захIматал унтабаздаса хвасар гьаруна», - ян абуна ПатIимат ГIабдурауповалъ.

**Макка
МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Гьариязул поезд»

### Новороссиялъе кумек гьабиялъул акциялъулъ гIахьаллъана

**Бакълъул районалъул «Движение первых» РДДМялъул хIаракатчагIаз гIахьаллъи гьабуна «Гьариязул поезд» акциялъул. Муниципалитеталъул цIалдохъабаз ДНРялъул, ЛНРялъул, Запорожиялъул областазул гIадамазе суратал рахъана, гьариял хъвана. Районалда гьединго батIи-батIиял тадбирал тIоритIана Россиялде гьорлъе цIиял регионал рачIиналда хурхун.**



2022-абилеб соналъул 30-абилеб сентябралда Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница ва Россиялде гьорлъе рачIарал цIиял регионазул бутIруз нилъер улкаялде гьорлъе рачIиналъул договоралда гъулбас гьабуна.

«Баркула киназдаго цIиял регионал Россиялде рачIиналъул къотIи-къай гьабураб къо. КIвар цIикIкIараб тарих буго гьеб нилъер улкаялъе. Россиялде гьорлъе цIил регионал рачIиналъулъ кьиматаб бутIа лъуна бакълъулазги.

Спецоперация байбихьаралдаса фронталда бахIарчилъиялъул мисал бихьизабулеб буго Бакълъул районалдаса рагъухъабаз, тылалъги бажараб гьабулеб буго бергьенлъи гIагар гьабизе. Бихьизабураб хIаракаталъухъ нилъер ракьцоял батIи-батIиял шапакъатазеги мустахIикълъана.

ЦIалдохъабаз, мугIалимаз, умумуз ва цогидаз жигараб гIахьаллъи гьабуна кумек гьабиялъул акциязулъ, СВОялъул мухъалде битIана 20 тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб кьайи.

Жакъа кIвар кьун кумек гьабулеб буго Михайловкаялъе. Нахъеги баркула киназдаго Россиялде гьорлъе цIиял регионал рачIин», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет»
информациялъул гIуцIи**

ХIИНКЪИ ГЬЕЧIОЛЪИ ЦIУНИ

# Гражданияб оборонаялъул къо кIодо гьабуна

### ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул къагIидаби...

**ГIорхъолъа арал лъугьабахъиназде гьоркьоре ккедал битIараб хьвада-чIвади хIалтIизабизе ругьун гьариялъул тадбирал тIоритIана араб анкьалъ Бакълъул ракьалда Россиялъул гражданияб оборонаялъул къоялъул хIурматалда.**

Гьедин, МелъелтIа росулъ бугеб № 45 пожарнияб часталъул отделениялъул командир Жаватхан Юсуповас Гьоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалда цIа ккеялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялда хурхун гара-чIвари гьабуна. ОБЖялъул мугIалим МухIамад Ибрагьимовасги бицана лъималазе хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул.

Жаватхановас лъималазда рихьизаруна цIа свинабизе хIалтIизарулел алатал ва баян гьабуна инсан живго-жиндицаго цIуниялъул къагIидабазул, бихьизабуна цIа свинабулезул хасаб ретIелги.

**Макка
МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Кавказ фашистаздаса эркен гьаби

### ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана

**Фашистаздаса Кавказ эркен гьабиялъул тарихалда хурхарал тадбирал тIоритIана араб анкьалъ Бакълъул ракьалда. Гьедин, МелъелтIа росдал Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим ПатIимат Амагаевалъ 5-леб ва 7-леб классазе «Битва за Кавказ» абураб дарс тIобитIана.**




Гьелъ лъималазе бицана Кавказ фашизмалъул кьоралдаса хвасар гьабиялъул. Нилъер гIадамаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул, кьохIехьеялъул, лъималаз, руччабаз, харабаз бергьенлъи гIагар гьабизе бахъараб хIаракаталъул.

ПатIимат Амагаевалъул рагIабазда рекъон, гьитIинго лъималазе тарихалда хурхарал баянал гьари – чара гьечIого хIажатаб иш. Бальгояб иш гуро тарих хисизабизе кьваригIаразул кьадар цIикIкIунеб букIин. Нилъеца хIаракат бахъизе ккола цIиял гIелазда битIараб тарих лъазабизе, гьитIинго кьураб лъай – хазина», - ян абуна ПатIимат Амагаевалъ.

**Макка
МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## ЦIаналъа АсхIаб МухIамадгIалиевасе – Жуковасул медаль

### Шапакъатал гIемерлъаги

**Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Бакълъул районалъул ЦIаналъ росулъа АсхIаб МухIамадгIалиев мустахIикълъана тIадегIанаб пачалихъияб шапакъаталъе. Гьеб кьеялъул амруялда гъулбас гьабуна Россиялъул Президент Владимир Путиница.**

Муниципалитеталъул бетIер ГIалип ГIалиповас АсхIаб МухIамадгIалиевасда баркана Жуковасул медаль кьей, гьарана гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумру, бергьенлъигун тIадвуссин.



Россиялъул Минобороналъулгун контракт МухIамадгIалиевас хъвана 2007-абилеб соналъ. 2014-абилеб соналъ Россиялде гъорлъе Хъирим (Крым) бачIиналъул референдумалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъулъги гIахьаллъана гьев.

«Кавказалда тобитIараб контртеррористическияб операциялъул гIахьалчиясе», «Бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ», «Северияб Кавказалда гьабураб рагъулаб хъулухъалъухъ» ва цогидал шапакъатал щвана АсхIабие, гьединго мустахIикълъана Россиялъул Президентасул Баркалаялъул кагътиеги.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЗИГАРА

## Алжан насиблъаги

**Бакълъул районалъул нухмалъулев ГIалип ГIалиповас гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара бана полициялъул капитан, ЛъаратIа росулъа ГIабдулатIип МухIамадбеговасул хъизан-агьлуялде, гьев абадияб рокъове инадда бан.**



**«Бакълъулазул, администрациялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб зигара бала, МухIамадбегов ГIабдулатIип Хункарович гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Нилъ киналго Аллагьасдасан руго ва Гьесде руссинеги руго. Хварасе алжан насиб гьабеги, хъизан-агьлуялъе сабру кьеги», - ян хъван буго ГIалип ГIалиповасул зигаралъул кагътида.**

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

СТРАНА ГОР

## Глава Дагестана встретился с семьями погибших военнослужащих

**5 октября Глава Дагестана Сергей Меликов встретился с членами семей дагестанцев, погибших при исполнении воинского долга в ходе СВО на территории Украины, сообщается на сайте руководителя региона.**

В рамках мероприятия Сергей Меликов прежде всего выразил слова соболезнования родным и близким погибших. «Более 1,5 лет продолжается СВО. За этот период мы убедились, что нашей стране противостоят не только вооруженные силы Украины, но и весь коллективный запад, который поставляет оружие, технику, наемников. Ожесточенная борьба, которая сегодня ведется, говорит о намерении западных стран создать предпосылки для прямой агрессии в отношении России.

У наших противников не меньшие амбиций, чем были у гитлеровской Германии по расчленению нашей страны. И если бы наш Верховный Главнокомандующий не принял решение об СВО, наверное, нам бы не удалось упредить эту агрессию. Дагестанцы активно участвуют в СВО и вместе с другими братскими народами, независимо от национальности и возраста, защищают нашу страну. Все они для нас – герои. Мы им признательны за мир, за то, что можем принимать и провожать гостей. Наш долг перед ними – оказать поддержку семьям защитников Отечества», – сказал Глава РД.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Обеспечение первоочередного оказания медпомощи участникам СВО и их семьям – приоритетная задача для Минздрава РД

**Министр здравоохранения РД Татьяна Беляева доложила о работе ведомства в этом направлении в рамках заседания межведомственной комиссии по оказанию помощи участникам СВО под руководством Сергея Меликова, сообщает пресс-служба АГиПа РД.**

По информации источника: назначены ответственные сотрудники за координацию работы по оказанию медицинской помощи участникам СВО; организовано внеочередное оказание медицинской помощи военнослужащим и членам их семей; оказывается реабилитационная помощь по профилям «нейрореабилитация» (ЦНС) и «реабилитация больных с заболеваниями периферической нервной системы и опорно-двигательного аппарата»; в Республиканской психотерапевтической поликлинике созданы кабинет «Телефон доверия», 11 кабинетов медико-психологического консультирования, 4 кабинета медико-психологической помощи, 3 психотерапевтических кабинета; с начала 2023 года за психологической помощью обратились 98 бойцов СВО и 190 членов их семей, всем оказана необходимая помощь.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Учащиеся Арадирихской средней школы прочитали легендарное стихотворение Расула Гамзатова «Журавли»

**В Гумбетовском районе продолжаются мероприятия, посвящённые 100-летию народного поэта Дагестана, Героя Социалистического Труда Расула Гамзатова.**

Ученики Арадирихской средней школы присоединились к республиканской акции «Читаем Расула», инициированной Правительством РД. Учащиеся 6-го класса данного образовательного учреждения прочитали знаменитое стихотворение Расула Гамзатова «Журавли», которое стало всемирно известной песней.

Данному образу воздвигнуты сотни памятников на разных континентах. #Россия #Дагестан #МойДагестан #РасулГамзатов #Гумбетовскийрайон #ЧитаемРасула #Гумбет #ГодРасулаГамзатова #ПозитивРД #Арадирих #АрадирихскаяСОШ #Странагор



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Дагестан в ноябре проведет единый день закладки «Садов памяти»

**3 ноября в Дагестане проведут единый день закладки «Садов памяти» в честь военнослужащих, погибших в ходе специальной военной операции, сообщает сетевое издание «Мирмол».**



По информации источника, для этой цели отобрано девять земельных участков в четырех административно-территориальных зонах Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане более половины протяжённости автодороги «Кавказ» переведут в четырёхполосное исполнение

Глава РД Сергей Меликов накануне встретился с начальником ФКУ Упрдор «Кавказ» Александром Лукашуком, сообщается на сайте руководителя региона.

В ходе встречи Сергей Меликов поблагодарил Александра Лукашука за приезд в регион. «Строительство и ремонт дорог – одно из тех направлений, которым в республике уделяется приоритетное внимание.

Для нас очень важно, чтобы все дорожные проекты были успешно реализованы, поскольку это положительно скажется на экономике Дагестана, поможет существенно снизить нагрузку на внутригородские автодороги, увеличит пропускную способность дорог в пределах крупных городов и придаст импульс развитию транспортного коридора «Север-Юг». Спасибо Вам, Александр Геннадьевич, за постоянное внимание к республике и всегда конструктивные встречи», – отметил Глава Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Минздрав Дагестана призывает жителей республики вакцинироваться от гриппа

**Министр здравоохранения РД Татьяна Беляева и врио зам. руководителя Управления Роспотребнадзора по РД Ирина Алжанбекова поведали журналистам о важности вакцинации от гриппа и других болезней, сообщает РИА «Дагестан».**

Пресс-конференция состоялась накануне на площадке редакции «Дагестанская правда». Министр здравоохранения РД Татьяна Беляева отметила, что вакцинация тех, кто контактирует с большим количеством людей, особенно важна. Было отмечено, что особый акцент надо делать на пожилых людях и детях, которые тяжело переносят болезнь.




«Нет возрастных ограничений и противопоказаний, кроме непереносимости яичного белка или аллергической реакции на препарат, введенный ранее. Если человек болеет, то вакцинироваться можно не менее, чем через 10 дней после исчезновения всех симптомов», – сказала Татьяна Беляева.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Туристка из Подмосковья полгода проработала чабаном в Дагестане

**Заместитель министра сельского хозяйства и продовольствия РД Эмин Шайхгасанов принял участие в торжественной встрече туристки из Подмосковья Натальи Янковой.**

Она попробовала свои силы в роли чабана во время перегона скота. Об этом сообщается на официальном сайте Минсельхозпрода РД. По сообщению источника, Наталья Янкова приехала в республику весной этого года и в составе СХК «Агрофирма «Сограть» отправилась на перегон овец. «Таких эмоций я бы не получила больше нигде, такой природы нигде бы не увидела», — отметила Янкова.



Более подробная информация по ссылке:https://mcxrd.ru/press/57688

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Дагпредпринимательство: поможем выйти на маркетплейсы

**Самозанятые и субъекты малого и среднего предпринимательства, начинающие электронную торговлю, часто не знают, с чего начать работу на маркетплейсе, какую логистическую схему выбрать, как правильно завести товарные карточки и пройти модерацию на электронной площадке.**

Центр Агентства по предпринимательству и инвестициям РД оказывает услугу по выведению на маркетплейсы, в рамках которой за самозанятых




и субъектов малого и среднего предпринимательства будут выполнены все необходимые этапы для начала торговли на маркетплейсе.

**РИО «Гумбет»**

## Хочешь газ – подавай заявку!

Жители газифицированных населенных пунктов могут подать заявку на бесплатное подведение газа до границ своего земельного участка.

Мероприятия в пределах границ земельного участка (строительство сети газопотребления, приобретение и установка газового оборудования, прибора учета газа и т.п.) заявители оплачивают сами.

При этом газ должен использоваться для личных, семейных, домашних и иных нужд, не связанных с предпринимательской деятельностью.

Подать заявку на догазификацию можно:

- в клиентских центрах газораспределительных организаций;
- на сайтах газораспределительных организаций;
- на портале Единого оператора газификации Российской Федерации - connectgas.ru;
- в офисах МФЦ;
- через портал Госуслуги.

Подробнее о программе можно прочесть на сайте компании ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» перейдя по активной ссылке https://mkala-mrg.ru/news/novosti/dogazifikatsiya--vo..

СТРАНА ГОР

## В Дагестане более половины протяжённости автодороги «Кавказ» переведут в четырёхполосное исполнение

**Глава РД Сергей Меликов накануне встретился с начальником ФКУ Упрдор «Кавказ» Александром Лукашуком, сообщается на сайте руководителя региона.**

В ходе встречи Сергей Меликов поблагодарил Александра Лукашука за приезд в регион. «Строительство и ремонт дорог – одно из тех направлений, которым в республике уделяется приоритетное внимание.

Для нас очень важно, чтобы все дорожные проекты были успешно реализованы, поскольку это положительно скажется на экономике Дагестана, поможет существенно снизить нагрузку на внутригородские автодороги, увеличит пропускную способность дорог в пределах крупных городов и придаст импульс развитию транспортного коридора «Север-Юг». Спасибо Вам, Александр Геннадьевич, за постоянное внимание к республике и всегда конструктивные встречи», – отметил Глава Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В товарном секторе сельского хозяйства РД наращивают площади под овощами

**По словам первого заместителя министра сельского хозяйства и продовольствия региона Шарипа Шарипова, в 2023 г. в республике посевная площадь под овощами от-**



**крытого грунта в товарном секторе составила 2569 гектаров, это на 42 процента больше по отношению к 2022 г.**

Об этом сообщает официальный сайт Минсельхозпрода РД. Как отмечается, большую роль сыграл стартовавший в этом году федеральный проект по стимулированию развития овощеводства открытого грунта и картофелеводства.

**РИО «Гумбет»**

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекьон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.